



***Pedagoji patisipativ  
+ Teknoloji + Lang matènèl:  
Twa bèl wòch pou kore  
edikasyon nan Lise 2.0***

Prezantasyon sou Inisyativ MIT-Ayiti  
42èm Konsèy Gouvènman, 5 novanm 2014

**Michel DeGraff**

**<http://mit.edu/degraff>**

**<http://haiti.mit.edu>**



Videyo prezantasyon an: <http://youtu.be/qcCNjcl1-tc>



# Inisyativ MIT-Ayiti: Istoric

- **21–22 oktòb 2010:** Senpozyòm MIT-Ayiti nan MIT ak sipò FOKAL plis patisipasyon pwofesè ak lidè nan ansèyman siperyè ann Ayiti
- **Mas 2012—jen 2014:**
  - ❖ 4 atelye sou syans, matematik epi evalyasyon
  - ❖ 1 atelye sou lidèchip epi travay ann ekip
  - ❖ ~165 patisipan, 35+ enstitisyon, ~50 lojisye, 6 gid sou videyo
- **Avril 2013:** Pwotokòl Akò ant MENFP ak MIT
- **Jen 2014:** Sikilè sou yon inite pwojè *Biwo MENFP/MIT-Ayiti* nan Ministè Edikasyon Nasyonal pou mete yon estrateji nasyonal sou pye pou syans ak matematik. Misyon Biwo sa a se ede Inisyativ la ateri kòm sa dwa.





# Ki sa Inisyativ MIT-Ayiti a ye?

<http://haiti.mit.edu/2013/04/23/ayiti-pare-haiti-is-ready/>





## Inisyativ MIT-Ayiti

***N ap modènize epi demokratize edikasyon ann Ayiti  
ak nouvo zouti pou yon nouvo jenerasyon***

Inisyativ MIT-Ayiti a ap devlope:

1. metòd pou anseyan yo ka sèvi ak ***pedagoji patisipativ***
2. metòd sa yo baze sou ***teknoloji ak materyèl nimerik***
3. zouti sa yo an ***kreyòl pou kaba blokaj e pou timoun yo ka patisipe nan klas la tout bon vre.***

Lang matènèl la + teknoloji + pedagoji patisipativ ap amelyore kapasite timoun yo pou yo reflechi sou sa y ap aprann, epi pou yo rive fè etid apwofondi ak rechèch nan matematik ak syans. Devlope materyèl nan lang nasyonal nou pral anrichi lang lan pandan n ap kore idantite nou kòm nasyon





## ***Pedagoji patisipativ pou syans ak mat selon rechèch nan syans edikasyon***

- 1. Jako repèt ak pa kè pa bon pou syans ak matematik***
- 2. Esperyans konkrè ke elèv yo deja fè dwe sèvi pou yo devlope konesans yo.*** Esperyans pratik sa yo + esperimantasyon ede yo pwofonde konsèp yo epi bati konesans ki pi konplike toujou.
- 3. Lè elèv yo sèvi ak lang yo deja konn pale a, sa fè lide yo vin pi klè.*** Yo ka esplike pi fasil ki jan y ap devlope lide syantifik yo, epi yo ka kontwole si lide sa yo bon. E mèt ak elèv pral travay men nan men pi byen
- 4. Pi fò aktivite syantifik ke timoun yo dwe metrize depann de fasilite yo genyen pou yo kominike ak tèt yo, epi pou yo kominike antre yo.***






**Chrisla ak Dieuricarme ap fè matematik ak kè kontan**  
<http://www.youtube.com/watch?v=CU4NuFck8D0>



**Pouvwa teknoloji + lang matènèl la nan pedagogi patisipativ...**



<http://haiti.mit.edu/resources/star/>



## StarGenetics ap di w "Onè!"

*Pou kòmanse:*

- Klike sou **Fichye**->**Nouvo** pou chwazi yon fichye egzèsis nan lis nou an.





**An n al chita nan sal klas  
anba 2 bèl zetwal—lojisyèl “STAR”!**

**An nou kòmanse ak StarGenetics**


<https://www.youtube.com/watch?v=JqPE5eun8T4>






# Pedagoji patisipativ nan matematik ak Matlèt

<http://haiti.mit.edu/resources/mathlets/>

**MIT MATHLETS** 


[www.mathlets.org](http://www.mathlets.org) (English)

**Distribisyon Pwobabilite**  
**Probability Distribution**




Telechaje :: Download (links to website)  
Èd :: Help

**Konpayèl Anvan Kwazman**  
**Conjugate Priors**




Telechaje :: Download (links to website)  
Èd :: Help

**Anplitid avèk Faz :**  
**Premye degre**  
**Amplitude and Phase**  
**First Order**




Telechaje :: Download  
Èd :: Help

**Batman Beats**



Telechaje :: Download  
Èd :: Help

**Esponansyèl Konplèks**  
**Complex Exponential**



Telechaje :: Download  
Èd :: Help

- Recent Posts / Nouvèl ki parèt pa gen twò lontan**
- ▣ [A Creole Solution for Haiti's Woes](#)
  - ▣ [Star video tutorials now available in Kreyòl](#)
  - ▣ [A New Leadership Model for a New Haiti](#)
  - ▣ [Leadership lessons in Haiti](#)
  - ▣ [MIT launching initiative to help Haiti](#)

**Questions? / Kesyon?**  
Please email Prof. Michel DeGraff, [degraff-at-mit-dot-edu](mailto:degraff-at-mit-dot-edu).  
Voye mesaj bay Michel DeGraff nan adrès imel [degraff-awobaz-mit-pwen-edu](mailto:degraff-awobaz-mit-pwen-edu)





# Ki jan MIT-Ayiti ka kolabore ak Lise 2.0?

1. Lise yo ka sèvi kòm pilòt pou yon itilizasyon lajman laj de 3 zouti Inisyativ MIT-Ayiti a: pedagoji patisipativ + teknoloji + lang matènèl— kòm 3 wòch pou kore yon nouvo sistèm ansèyman pou tout timoun yo ka jwenn
2. Patisipan nan Inisyativ MIT-Ayiti a ka fè fòmasyon pou anseyan syans ak matematik nan lise yo—sou pedagoji patisipativ ak resous nimerik an kreyòl
3. Kolaborasyon ant Lise, Inisyativ MIT-Ayiti, Akademi Kreyòl, Laprès, eks., pou sansibilize timoun, paran, sosyete sivil, eks. sou jan syans ak matematik ka anseye pi fasil ak teknoloji epi nan lang matènèl timoun yo
4. Jwèt pou nou, Direktè lise yo: Ki dizon nou? An nou brase-lide! An nou kole zepòl nan Atelye MIT-Ayiti yo e nan Biwo MENFP/MIT-Ayiti a





# Fidbak anseyan yo sou twa wòch yo

**“[Lè m anseye an kreyòl] timoun yo mande plis kesyon. Pafwa ou menm santi yo pale twòp. Lè kon sa, ou retounen nan franse pou gen mwens entèraksyon nan klas la.”**

**“ ... [zouti] yo ka ede nou fè tranzisyon pou n soti nan imajinasyon pou n ale nan aspè vizyèl konsèp yo. ... Malerezman, tout bagay fèt ak lakrè ak tablo. Kòm pwofesè jeyometri optik, mwen wè lojisyèl sa yo ka sèvi kòm yon vrè laboratwa pou anseye kou sa a .”**






# Ayiti pare pou Lise 2.0...



<http://haiti.mit.edu/2013/04/23/ayiti-pare-haiti-is-ready/>





**[haiti.mit.edu](http://haiti.mit.edu)**